

Pembantoe sareng  
agen:  
Priangan koelon  
M. Sahari - Bogor  
  
Priangan tengah  
H. B. Pasoendan  
Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Dijitak di Soekopoera drukkerij Tasikmalaja.

LANGGANAN.  
Pangmiraha dina 3 sasih f 1,50  
Sataoen f 5,-  
Dibajar ti pajoen, Salambar 15 sen.

Redactie:  
Galoengengweg 49.  
Administratie:  
Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redakteur:  
ATMAWINATA  
SOETISNA SENDJAJA  
Redakteur di Batawi  
SOERIADIRADJA.

Directie:  
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja  
Administrateur:  
K. MARTAKOESOEMA.

Pangaos ADVERTENTIE:  
1/16 katja f 2,- } Sakali moeat.  
1/32 " f 1,25 } Langganan langkoeng mirah.

## Kahiroepan.

Loeang loembrabna manoesa, anoe loba, beurang peuting, isok sore, pendek sagala waktue taja noe kahlwat, ngeun woengkoel pagaweanana teh mikiran pidjalaneun paesahaan, toe-kang tani hajang oentoeng, boentjir leut, rendang pipiaraan; toekang dagang hajang loba batu, harauang koe barang; anoe koeli hajang moedjoer, hajang kapake koe doenoengan, soepaja asihueun, soepaja gantjang tam-bah gadjih, naek pangkat; nepi ka dihelaan sisikoe, doedoepak, tjetjabok sagala . . . , maksoedna hajang seu-beuh dahar seubeuh make, oelah koe-rang sandang pangan.

Ti kikirik nepi ka djadi andjing, ti ngongkoek nepi ka ngoengkoeuk, malah nepi ka adalina pisan, taja deui ingetanana, lian ti EUSI BEU-TEUNG anoe digedeukeun teh. Padahal moenggoeh djelema hiroep teh, aja doe tempat anoe koedoe, malah wadip diparabau teh nja eta te u-leung djeung otak, (lichamelijk en geestelijk.)

Ari bouteung mah da geus poe-goech pieuseunana, nja eta kadaharan tapi ari parab otak mah henteu asam-barungan eusina, henteu asal welbae asal bro bae, malah lolobana mah, tra-ja-a-ja-atjan anoe inget koedoe koe-maha otak teh diparabana.

Tjing sim koering nanja: Ari anak bapa otakna sok diparabau naon?"

Iraha waktoena otakna eta boedak diparabana?

Komo ari moenggoeh di djelema anoe geus kolot mah, meharang lang-ka pisan anoe inget pikeun maraban otakna sorangan.

Otak oerang satoengtoeng hiroep mah, wadip pisan koe oerang koedoe diparabau, nja eta koe tjetjamperan djeung noe sedjen: manggih omongan kitoe-omongan kieu, anoe hade anoe goreng, pikeun loeng, pikeun obor kana diri, toedoech djalanan enggong oerang hiroep.

Djadi perkara tjetjamperan teh, hidji kawaduhan gede pisan ka oerang!

Koedoe resep sarta getol boetjoe batja boekoe-boekoe anoe barade, soepaja oerang bisa nimbang-nimbang hado djeung goreng, anoe goem-toeng kana kaperloean hiroep.

Sing resep matja soerat-snerat kabar, soepaja lega tetendoan djaoeh dedengean, bisa milih-milih rasa anoe mangpaat kana diri, sarta anoe aja goenana pikeun kaperloean hiroep, boh keur oerang, atawa pikeun toe-joenaa anak intjo oerang. (Dina matja pake pikiran oerang, lima menit matja lima menit mikir Red)

Di mana oerang bisa maraban otak tab sibeubeunanganana teh, meureun aja bae mangpaatna mah, sanadjan pikeun noe sedjen oge, eta oerang oelah waswas, oelab hamhamdeui, otak teh koedoe digoeneakeun.

Moen rioengen-rioengan, sing daek moekakeun pamanggih anoe sakira aja gawena, oelai daek soteh roeng-rioeng sakalina ari aja noe ngondang sidékah bae, da ari kana kampal-koem-poelel noe sedjen mah, anoe leuwih gede mangpaatna, wegah soengkan bae: sakalieu aja noe nanja, panjikit sadja-daja teh ajeuna mah geus leungit, geus moesna, geus dikoeboer oelai sadja moefakat, sadja aker, sadja cigringen, koemaha noe ti pajoen bae, oelai eta teh oeooelazah, otak oerang teh koedoe digoeneakeun, dipake more katerangan, oelai ieu mah teu moeng teu tjareub, djol, djol moefakat! ngiringan sakerse!

Lamoen matja boekoe-boekoe stawa soerat-snerat kabar, naon-naon anoe aja gawena atawa aja ka teu pane-djoe hate, koedoe daek mere timba-

ngan, oelah ngan galandang-gelendeng di pipir hawoe bae. (Jaktos oelai era era! Corr.)

Nja kitoe deui, oepama oerag boga timbagan anoe hade, oelah soenggah oelai risi, pek ka dinjah gebotken, na rek iraha deui, engke ari geus paeh kitoeh?

Kana sagala pagawean oelai nje-boet engke, tapi pikiran heula.

M. K. A. (M. Kartaatmadja).  
BOGOR.

## Pikiran.

Beuteung seubeuh.  
Sandang pageub,  
tjageut  
bageur  
Sakitoes be laan. Geura taroengkoer.  
pidjimateun!

M. G. K.

Timbang-Windoe

## Panjamboeng.

II.

Bareto tjeuk koering: Lamoen oerang rek dagang oerang koedoe awas pisan palebah misahkeunana modal djeung kaperloean oerang sedidien:

Si Dadap hiroepna basadjan, bisa tjeukkoep koe doeit f 15,- sabuelan. Tapi manehna ajeuna make boga doeit f 100,-.

Lamoen si Dadap rek dagang, dagang naon bae, leuwih hade manehna make modal f 50.- Ari noe f 50 deui nja eta f 30- keur kaperloean manehna 2 boelaneun, noe f 20.- deui keur tjawis bisa aja kaperloean noe teu tangtoe.

Tjokot gampangna bae si Dadap dagang samping ngamodal f 50- meuang 7 potong.

1. Samping lereng Tjiamis  
dibeulina f 10-

4. Samping Isem boedak  
dibeulina f 3, sabidji f 12-

1. Sawitan solo dibeulina f 20-

1. Samping keureut ontjom  
dibeulina f 8-

Djoembah 7 pot. kaen brg. f 50-

Pek koe manehna eta barang noe sakite diiderkeun, didjeol. Pajoe keur di sadjero 2 boelan, oepama 1 samping noe lereng Tjiamis pajoe f 12,50

4 samping boedak rata-rata  
pajoe f 4,50 , 18.-

1 sawitan solo pajoe , 25.-

1 samping keureut ontjom  
pajoe , 10.-

Laadang noe 7 pot. teh djadi f 65,50

Tadi si Dadap ngamodal f 50.- barang ajeuna manehna nampaf f 65,50 Djali manehna tetela boga oesoeng f 15,50. Noe f 15 dahareun, noe f 10,50 teunduneun.

Ka 3 boelanna pek deui tjara tadi ngamodal f 50-. Kitoe tae sateroes-na, oelai sok dittoengtoet dihakan ke-na-kena boga doeit f 100,- dipake modal kabeh. Koemaha iahuen teu pajoe?

Samemeh koering Neroeskeun laks-ton si Dadap dagang, di dieu koering hajang njeboetan heula hidji-bidjeun uguran-ugaran dija perkara dagang, minangka panggibita noe kabitaean.

Dina dagang aja panta panta. Kabe aja ngerana, oepama:

GROOT HANDEL Soendana Da-gang Gede nja-eta dagang make mo dal ratoesan rebroe atawa malicenan, Goedanga loba sarta galed. Ari noe didagangkeunana naon bae, kajinan: Koffie, copra, thee, minjak dj. s. t.

2. KLEIN HANDEL Soendana Da-gang Leutik modalna ti ratoes nepi ka oekoer reboean. Ari noe didagangkeunana naon bae, tjara toko-loko noe sedidien katingal di kotta.

3 EXPORT HANDEL, kaaopek ka-na Groot handel. Petana nja-eta nge-learkeun barang-barang ti poelo Djawa ka poelo-poelo sedjen. Naon bae.

4 IMPORT HANDEL. Ieu sahanika tina noe ka 3. Ieu mah ngada-tangkeun barang-barang ti poelo se-djen ka poelo Djawa.

5 PRODUC'EN HANDEL uja-eta dagang anoe ngawoengkoel hasil boe-mi, kajanning: Kalapa, soeoek, ka-tjang, teh, kop, dj. s. t.

6. COMMISSIE HANDEL nja-eta dagang in commissie nja et noe da-gangna tjeukoep maengdagangkeun ba-rang bateer, meh teu ngamodal. Ari oentoengna manehna meunang pere-sen ti noe boga barang.

Tah palebah dieu koering aja pi-tjaritaen saeutik: Tadi tjeuk koering meh teu ngamodal. Jaktos, sa-naos teu ngamodal oge ieu mah bisa djadi. Modalna tjeukoep koe:

BISA djeung SATIA.

Seueur keneh ngaran-ngaran noe tjan kasebat. Ngingking keun teundeuun sampeureun.

Engko kaaopek rek malik djarami, njaritakeun si Dadap noe taja wates wangeuna, saha bae.

Samboengen

M. G. K.

## Talari paranti oeroet

### Aki.

Toenggoel djeung siroeng koedoe bae lajeut. Njatos ugnoem ti ka-poengkoer, empesna ti baheula. Elmo-e patoempoeck, soesuen-soesoen ti ka-poengkoer, patoempang ti noe baheu-la. Datang ka kiwari, basana.

Kabarti.

Tah palebah dinjana hesena, gam-pangna teh.

Hese tjeuk noe teu malire, njaho-njaho geus kakoe.

Gampang tjeuk noe nitenan, noe leu-keun mileuheng deungeun.

Tahsioel toengtoeng tjatoer, poeng-kasan akal, toem-pa-toempa martabat-na teu sarene.

Rek salat basana: Era!

Tah kitoe tjeuk sa-noe-bari

Sim koering

M. G. K.

## „Djaman robah"

Noemoetkeun loeang loembrabna adat anoe kadoehoe boekti kadjadian anoe kapanggih, noeroet kana tjatoer karoebon, imapaj djalanan anoe kasor-rang, jakin pisan kaajaan di district Sindangbarang teh (Tjidamar), boh di-na tingkah lakoe djaima-djaima atanapi kaajaan seto hewan noe mar-toeh di eta tempat, geus djadi baba-san somaa: „Oerang Tjidamar tjau-rang „datang, lemboet oejah badag sambe“ tia margi doeoen.

Sok aja paribase: Naha sia teh ba-roedak koe doeoen lalampahan teh kawas moending Tjidamar bae?

Dina boekti kaajaan moending di Tjidamar sanepami tepeeng-pa-reng djelema teh sok soemawonan di-singsieuan, kakara katingal oge djelema ti katebihan parantos loem-pat bari njawet boentoetna henteu mikir tjinjakeun, njasas anoe bakul kaso-rang, kaboer ngaproek kana doe-

ngabogaan temes dirampas koe desa diijieu kakajaan dessu. Moeng kitoe oge sanes njamaroetkeun sareng ka-jaan onderdistrict Tjidaen mah da di-nderdistrict Tjidaen mah parena ka-pimilik deui koe somahoa.

SOMAH.

(Loear tanggoengan Redactie).  
Sareng fikiran djernih  
(Soetji tea).

Dina tl. 2-8-25 pirbados parantos nampi serat noe dongkap ka rorom-pok, maksad pondokna serat djoe. A. Mangoendiwirjo, mariksakenn naon perioena koemaha maksoedna oelai nganggo dialan sirik pidik pasek moe-napek. Koe pirbados satampina serat teras disalin sarta walonanana.

Ladjeng dikintoen ka Sipatahoenaa njoehoenkeun pertoeloengan djoer. Redactie.

Moeng henteu katingal dimoewat, kitoe deui dijalaran pirbados sanes Abonemenna eta serat kabar teu djadi emoetan naon-naon tina karoemaosan ngemoetkeun koe kersaeun moeat karangan noe parantos sareng noe ajeuna oge pirbados parantos beurat njoehoen beurat nanggoeng tina ka-thorahan manahna djoe. Redactie: Tapi roepina djoe. A. M. keukeuh palajna diwalonan, sawadjibna pirbados njerat deui moeng moal diken-toenkeun ka Hawoe tjara ti . . . . . da asal oge ka soerat kacar. Sareng jakin lamoen karangan (pangalon) ti pirbados dimoat tangtu koe djoe A. M. kaharts.

Asal djoer. A. M. . . . . moal masihan serat anoe maksoedna teu poegoeh eta walonan teh!

Pirdados bareng nampi serat noe tl. 2-8-25 sareng dina Sipatahoenaa rek ngawoan teh mani ngarosa beurat njoemtaan, sanes lantarau koe kapeu tinganana, tapi koe Ramidjoedna noe njarita ugaler diwalon ngidol boektiina pirbados kenging titel sirik pidik pasek moenapek. Padahal tjeuk emoetan pirbados noe bodo lai hidji beleodiging tapi hidji critiek djeung hidji pamandauan, boeat oemoeem.

Tjeuk djoer. A. M. manah sing paos! Critiek teh ka mana djigna, pamanda-nganana kamana losna, oelai roe-soeh bisi titeunggar. Karanganana dina Sip. No. 6 moal dibeunjeur be-askuen siga noe njeun bodo ka an-dejeun, lian ti soemphak kane mah soetji jen kajan soetji ati (djerih ter) tebih tina soempoet salindoeeng rge ninal karangan sudjeun sampe-tjeukoep. Euh djoer. A. M. Lain ari menta teh barang noe tjan dipake. Keur naon badjoe geus dibikeun, sarta geus dipake lila dipentepa mani nchehne deui-noehoen deui. Ari men-ta teh lain noe tjan kalaou! aja sotek noe kakara sok nganoenoehoen-keun mah. Ieu atoeran noe geus aja poeloehan tkoen. Awas . Awas. Djoe. I. lain tram Bjr. Pa 1: didjieunna tapi peratoeranana bisi diseboet ka-saroeng deui. Salamina diantos eta walon ti andjeun rek nawiskeun ngo-mong teh sareng pikiran moal sa-belongbenton. Aeh djoer. A. M. koe-tan beda pembesar S. S. sareng tram Bjr. Parigi teh! atoeh kadjieun teuing da H. B. (Hoofd bestuurna mah) sa-mi mawon. Sanes ari tram Bjr. Parigi anoe Goepernemen keneh, kitoe deui lamoen Maatschappij-Maa-tschaapji mana pirbados henteu terang, soegan teh anoe Gouvernement keneh bae. Haar djoer. A. M.! beuki te-poegoeh.

Lain ari dina C. R. teh leuwih bidji kawaduhan S. S. ngajakeun tempat boeboeang, sareng pirakee

menta tempat bohoeang ten sareng tjaana atoeh meureun ogopet. Tjik atoeh moendoet teh paranti Salat da oerang mah sok . . . sautri meureun moal djadi papandangan. Roemaos pribados lepat ujebat noebou sabaharaa poeloe kali **nedaa ditawakoe** moeng bae langkoeng ti sakali doegi ka 4 kali rada seueur. Tadi tjek pribados di loeher **ngurasa** beurat ngawalonan aratrat ti andjeunna seperti dina letter D. roemaos **bodo** teu tiasa ngadamel pangalon pondok anoe maksoeduah kabarti. tida eta toelisau katjida malawidangna, naon atoeh ari hartina Critiek djeung pamandangan? Angot make basa kitab pribados teu terang anoe kiu oenina:

**Aoedoe bilishi min dalit.** Abong enja djo. M. bidjulan **Pasantren** pribados direken setan. Boa djo. eta dali tel salah tjtijingna tijk tarungkeun (Moesawarshkeun) deui ka Kijai kijai di Tjibenda, marge ari npoe-pung basa kitoe teh lamoen aja hidji hal bol kakkoean atawa paungetjap noe matak **Moertad** bisa salah prakna matak . . . sareng ketiah ka Tjibenda (Bodjong) tjan tiasa nangtosekuu marge ieu perkawis henteu penting sanes bosat oemoem, kenging disebat oge tjetkje botjek. Doepi ujne. A. Mangoendiwirjo bade soemping ka Mud koe pribados katjida dian-tosna siang wengi oge manawi djadi loeang pribados Sakieu bae heula.

Wasalam  
Emek H. Badri.  
Mnd.

N. B. Ari teu penting mah leresna oleh didjawab deui. Red.

### Saeutik Pamandangan

Anoe eukeur ngarempag perkawis Sabab-sababna oerang dihiroep-keun di alam doenja anoe dimoat dina Sp. No. 9 24 - 8 - 25 Th. 2

Samemeh pribados njeratkeun noe kasebat di loeher, moegi sareng kanganter para djoeragan noe maos Sp. langkoeng - langkoeng djoeragan Reductoer anoe parantos kersa masing-han tempat kanggo ieu pamandangan tina baearna anoe tangtos teu meronah da juktos oge noe njerat oerang Soenda pitoein, amoeng basana mah kantenan sige anoe Soesoendaan; djadi ieu mili etang-etang dogdog pangrengan bae.

Ningal dina Sp. No. 13 sareng noe kasebat di loeher nja eta seratan seratan anoe ngadjawab pertarosan kanggo Djoeragan E. Pr. Djocia teu kinten noe njerat resepon sadaja sami ngaloearekeun pamandanganan anoe sorne sarta ageung pipangaoes-nana; wadibj noe njerat moedji ka arandjeunna tina karadjinana moegi moegi bae sing saladjingna.

Manawi para djoeragan kersa ngadangoekun sarta ngeineut anoe djeru, ieu di handup noe njerat sedja midmel saentik pamandangan anoe parantos karsa saeutik-eutikeun koe pribados, kieu oepami teu lepat mah. Naon sabab-sababna oerang koe Goesti noe Maha Soetji dihiroepkeun di Alam Doenja? djawab koo misil:

Oerang (mai oesa teh) dioepami-keun **BANDA** (BARANG DJIEUNAN) saoepami **TASMA** (KATJAMATA) sameneh oerang teu atjan terang djoegohana eta TASMA kedah ka saha ditaroskeunana? tangtos kedah ka noe ngadamelna sanes? tah kakara oerang terang goenana oepami parantos naros; djadi gampil bae kenging keterangan, tapi sanadjan gam-pil oepami teu sareng **SARAT ROE-KOENA** tangtos moal tiasa oeninga, unon saratna tel? lh kapan oerang teh kedah **kersa angkat** ka tempat anoe bade ditaros tea, saterasna ke-dah **kersa agetiapkeun** panros anoe dimaksad tea, tah eta minangka noe djanten saratna teh oge kedah manis narosna teh dipalar soepados perlente nerangkeunana. Tjik oepami teu kitoe insa (moal)? noe njerat tiasa nangtosekuu moal tiasa oeninga. Djadi oepami kitoe, hojong oeninga di-sabab-sababna (goenana) oerang dihi-roepkeun di Doenja oge tangtos kedah ka noe ngajakeun sareng ngahiroepkeun tea bae nja eta Goesti, oepami aja noe djawab: Ah oerang oge moal boeroeng bisa nerangkeun da manoesa boga pikiran, jaktos moeng oepami teu nganggo sarat-roekoena tea moal tiasa leres, ari ngan woengkoel koe tiptaan stanapi koe kira-kira mah . . . Kapan oerang mah anjar (pandeur) ajana ge, sameneh oerang aja, Goesti mah

parantos aja.

Samina samemeh oerang aja, Indoeng Bapa mah parantos aja. Noemoetkeun seratanana Djoeragan W. A. dina Sp. saoerna kieu geuning EMA bogoh ka Bapa sawangsoelna Bapa, ka Ema nja kitoe, lami-lami tjari enak djadina anak, djadi saoerna oerang teh si oeoelinan pingarn-neunana. Teu emoteun jen seueur anoe ngaharep pertijataan teh hojong aja boeulna uja eta anak, tapi keukeuh langka anoe meneran, padahal, oepami bibitna langkoeng aoe ti batasi anoe seueur anak tea, djadi ana kitoe oerang teh sanes goematoeng ka Indoeng Bapa hiroep teh, tapi goematoeng ka Goesti, da boektina ari anoe ngan woengkoel hajang manis bae didjadikenn anak ari anoe hojeng aja hasilna nihil, tah di dinjana oerang koedoe noeroet kana parentali Goesti teh sareng njegah sagala laranganana Kapan Goesti sipat Mocras sipat adil sareng asih oge sipat **WENANG** sagala roepi anoe dipikalohong kedah ngudjadi moal aja anoe bisa nguhlang halang sapertos oerang koedoe pach nadjan Doctor ti Amerika oge moal bisa ngahalangan oepami parantos pastina mah, nja kitoe deui oepami iudoeng bapa oerang teu ker-saeun nampi oerang, is, oepami Goesti parantos masihan teu meunang henteu kedah diajaken bae, (ditampi bae) Djadi oepami kitoe njata pisan jen oerang diajaken di Doenja teh diparawang andjeunna sarta aja pigoen-unana. Jaktos ajana oerang teh nganggo sabab Indoeng Bapa, perkawis eta mah Goesti parantos nimbaleun dina Koeran KOELOE SAIJ-IN sagala roepa soerathoe Loh (heclal) of kadadian sababna heula. Oepamina keur naon oerang miara koeda, oepami teu aja goenana? oepami keudia aja pikirna tara oerang (ngalawan) tapi moal bisa lantaran kawasa oerang tinimbang koeda memang gwena keur narik kahar (roda) sareboe kali njebot embogen oge koedoe bae, teu daek, diteunggeul, loempat disoeseol, pendek teu meunang owah deui da geus kahajang oerang dipake narik kahar. Tah Goesti oge ngadamel oerang hiroep di Alain Doenja teh tangtos aja goenana, nja kitoe deui oerang teu kenging emboeng, kedah noeroet sakoe-maha piwoeroekna (piwarunganana) njegah sagala laranganana. Oge hoer mat kanoe djadi sabab tea, nja eta Indoeng Bapa.

Hade basa ka sasama, hadie tarek ka saderck roentoet roekoen dina djalanan Goesti.

Di dieu noe njerat teu aja deui tempona kanggo neraskeun ieu pamandangan moegi salar bae doegi kana waktosna, moeng oepami aja pertarosan-pertarosan samemeh njambloeng teu bade diwaler panros tea bae nula. Emoetan noe njerat tangtos pisan seueur djoeragan anoe haris naros tina hal ieu, ma'loem basana koesot tea sareng maksadna teu atjan tempong engke dina samboenganana karna Alloh sedja dietjes-utjeskeun deui.

Ngan aja panoeboen ka noe bade naros, samemeh naros teu kedah kangoeng timbangan anoe saipoerna lantaran basana loeher handapan tjak tjek tjlok teu poegoeh hoeloe-boentoeta, noebou oepami tjokop koe sakieu bae, sareng sajaktosna maha kasebut di loeher. Tjek pikiran koering aja oge, ngan doekia kersaeun henteuna. Oepamina bae bangsa Eropa: 1 Doktor Syr er ahli kasehatan djeung djadi oetoesan I. E. V. (voorzitter I. E. V. Oost Preanger), 2 Toean Nic Muller, djadi oetoesan krom pertengahan, 3. Toean Barkey oetoesan ti Onderneming 4 Toean Altman Administrateur Af Bank ulli doeit 5 Van der Velde ahli werktuigkunde, 6 Toean Administratrice Onderneming Langen, oetoesan Onderneming lam noe bangsa Walanda 7 De Waard van Gulik A. j. n. Administrateur Af. Bank (ulli doeit), 8 Toean Boom Administrateur Onderneming Kahoeripan oetoesan Onderneming. Soegan koe 8 djago oge tjokopek da noe dibenoemna ngun 4.

Saha deui tjek timbangan noe sanes noe kira-kira beunang didjagoekun ti bangsa Eropa?

Ajeuna bangsa Tionghwa. Koe kira kira pantes oepama ieu noe kasebut dijadi oetoesan Tionghwa di Raad Kub.

1 Djr. Tan Handelaar Tasikmalaja.  
2 " Tan Tjeng Tong Handelaar Tasikmalaja.  
3 " Goean Ho Handelaar Manondjaja  
4 " Voorzitter Pagoejoeban Tionghwa Tasikmalaja (T. H. H. K. oepamana)

Panoetoepan bangsa Priboemi noe koedoe dibenoem. Ieu mah saenjana rada hese koedoe ngandago koemaha poetoessanana pilahan lid R. Kab. Oepama ti golongan B. B. tatijan aja noe kapilih, koemaha oepama djr. Kd. Wiramihardja Wadana Manondjaja dibenoem, djr. doktor Soekardjo, djr. opzichter Soekanto, djr. Soekardji Landbouw-Oprichter, djr. doktor hewan djoeragan Tjakradiwirja Loerah Sitobatoe, djr. Atmawiria Loerah Soekasoekoe, djr. Schoolopzienier Bandjar djr. H. Djadjoeeri Handelaar Tasikmalaja dijadi oetoesan kaom perte-ninghan pribomi. Kadjabti ti eta la-djeng oetoesan ti Pagoejoeban-pagoe-joeban noe hajang boga oetoesan di R. Kab.

### Ngawaler.

Ka djoeragan E. Pe. Djokjakarta p/a Redactie Sipatahoenan Tasikmalaja.

Noemoetkeun pamandangan Sipatahoenan ddo. 4/5 no. 6.

1) Naon sabab-sababna anoe matak Goesti noe Maha Soetji ngadamel oerang hiroep di doenja?

2) Goesti noe maha Soetji ngersa-keun koe kersa andjeunna, ngadamel oerang sabab ngadamel tandis (saksi) jen nerangkeun ajana Goesti noe ma-

ha Soetji (djoemeneng koe andjeun), djeung oerang hiroep di doenja, sabab aja sabalikna nja eta maot, nanda keun jen oerang anjar (keuna koe roekrak).

2). Naon enggonging oerang hiroep di doenja anoe paling penting?

2). Enggonging oerang hiroep di doenja anoe paling penting, ngaraksa kana badan tina lakoe lampuh hade anoe diparentali koe andjeunna, koe-doe dipilampuh geusan pibekeleun maot djeung ngaraksa kana badan tina lakoe lampuh anoe goreng anoe dilarang (ditiegah) koe andjeunna koedoe didjoechau.

Enggonging hiroep di doenja teh hade oge kipasah djalanan hade geusan bekel to't koemawela (lakti) ka Goesti noe maha Soetji dibanding koe Iman Islam anoe saipoerna.

Salamna

Orang sisi laet kalur  
Achmad Mhd. Singawidjaja.

### Ngabenoem pielideun Raad Kaboepaten.

Sanadjan ajeuna kakara ngamimitian milii pielideun Raad Kaboepaten, tapi meureun moal aja gorengna, oepuna ti ajeuna mikir-mikir saha kir-ka kirana anoe pantes dibenoem kana lid R. Kaboepaten, engke oepama pilih anggengs.

Dina ngabenoem teh, tangtoe noe ti loeher nimbang soepaja di Raad Kub. aja djelema noe bisa ngoeroes sagala roepa pagawean no diprasrah-keun ka R. K. nja eta soepaja engke teh dina oenggal koemisi aja ahliina (deskundige), oepamana bae tina ato-utan doeit aja noe toekangna kana doeit (Financier), kana hal adeg-adegan aja toekangna (technici), kana utanen aja toekangna (landbouwkundige), kana kasehatan aja ahliina (doktor bisas djeung doktor chewan) kana bab pangudjaran aja ahliina oepamana goeroe d. s. t. Sasesana noe dibenoem teu meureun oetoesan-oetoesan ti pagoejoeban-pagoejoeban noe boga ang-keuh pipiloeun/ngaluhueuk diujeuh atawa tuket ketjup djanan ajeuna mah politieke partijen noe hajang boga oetoesan di Raad Kab. teu, soepaja di eta Raad aja oetoesan ti oenggal partiti.

Ajeuna oerang ngilik-ngilik salia kira kirana di Tasikmalaja noe daek djeung pibiseun saeutik eutikeun kana pagawean noe kasebut di loeher. Tjek pikiran koering aja oge, ngan doekia kersaeun henteuna. Oepamina bae bangsa Eropa: 1 Doktor Syr er ahli kasehatan djeung djadi oetoesan I. E. V. (voorzitter I. E. V. Oost Preanger), 2 Toean Nic Muller, djadi oetoesan krom pertengahan, 3. Toean Barkey oetoesan ti Onderneming 4 Toean Altman Administrateur Af. Bank (ulli doeit), 8 Toean Boom Administrateur Onderneming Langen, oetoesan Onderneming lam noe bangsa Walanda 7 De Waard van Gulik A. j. n. Administrateur Af. Bank (ulli doeit), 8 Toean Boom Administrateur Onderneming Kahoeripan oetoesan Onderneming. Soegan koe 8 djago oge tjokopek da noe dibenoemna ngun 4.

Saha deui tjek timbangan noe sanes noe kira-kira beunang didjagoekun ti bangsa Eropa?

Ajeuna bangsa Tionghwa. Koe kira kira pantes oepama ieu noe kasebut dijadi oetoesan Tionghwa di Raad Kub.

1 Djr. Tan Handelaar Tasikmalaja.  
2 " Tan Tjeng Tong Handelaar Tasikmalaja.

3 " Goean Ho Handelaar Manondjaja  
4 " Voorzitter Pagoejoeban Tionghwa Tasikmalaja (T. H. H. K. oepamana)

Panoetoepan bangsa Priboemi noe koedoe dibenoem. Ieu mah saenjana rada hese koedoe ngandago koemaha poetoessanana pilahan lid R. Kab. Oepama ti golongan B. B. tatijan aja noe kapilih, koemaha oepama djr. Kd. Wiramihardja Wadana Manondjaja dibenoem, djr. doktor Soekardjo, djr. opzichter Soekanto, djr. Soekardji Landbouw-Oprichter, djr. doktor hewan djoeragan Tjakradiwirja Loerah Sitobatoe, djr. Atmawiria Loerah Soekasoekoe, djr. Schoolopzienier Bandjar djr. H. Djadjoeeri Handelaar Tasikmalaja dijadi oetoesan kaom pertengahan pribomi. Kadjabti ti eta la-djeng oetoesan ti Pagoejoeban-pagoe-joeban noe hajang boga oetoesan di R. Kab.

Ieu mah tjek timbangan koering minangka lalamoenan bae, doeka tjek pikiran noe saenamah Noe sanes oge kedah ngaloearkeun pikiranana soepaja koe noe ti loeher kaonininga. Doe-ka noe bade ngadjalankeunana doeka kersaeun doeka henteu.

Hormatna M.

### Heerendienst.

Padjeg sirah bareto mah f 1,— ajeuna dijadi f 3,25 naon marginia? di dieu moega djoeragan Redactie, maparin katerangan, noehoen oepami ti noe wadjibna, da ari kaemoetna koe abdi kieu usalna. Kapoengkoer di saban dessa-dessa koemplotan, moen teu salah dawehan menak teh kieu ajeuna noe ti loeher baris njenang-keun ka maraneh, nja eta tina perkara pagawean Heerendienst nomer 1 na iju eta djalanan, saperti, njapocna ngo-redna matjolena djeung ngeusikna eta tungoengan maneh, hartina eta djalanan anoe maneh, katjida pisan njocesahkeunana ka maraneh, sabab henteu djongdjon, enggong icthiar saperti dagang kooli-koeli, awara ngoeroes patamian, nja eta teu kaoer aja parentahan ngoeroes djalanan, nja eta kawaduhan maneh, tapi ajeuna koe noe ti loeher, eta pagawean digantian koe doeit bae, nja eta soepaja djongdjon ichiart boh koeli koeli boh dugang nja djandi f 3,25 tina f 1,— teh, tah emoetan koering kitoe, djadi f 3,25 teh ngandoeng kana pagawean Heerendienst, da engkena djalanan teh dicoerao koe nagara, nja kukoeping aja Gewest; Gewest kitoe, mangsi abong abong koering bodo, tea, aja bae noe teu kabarti, saperti dina padjeg personeelbelasting aja basa 30% boeat nagara 20% bouwat Gewest, dina padjeg kasab oge nja kitoe lain aja basa djalanan Gewest teh, nja eta kitoe pikeun ngomean ti oerang anoe 20% tea? Apaun tinn Heerendienst oge geus dijoekeun? yenah keur ngome djalanan, tijk pasihan terang djoeragan Redactie atawa noe wadjib njolok deui pikiran teh, kana personeelbelasting, boga imuh dipadjeg dina kasab oge, dipadjeg, bedjana dina Inlandsche verponding deui djadi 3 X dipadjeg, boga koedoe dipadjeg boga kahar dipadjeg boga sepeda dipadjeg ana pek deui ninjuk djalanan, djalanan anoe meunang ngoeroes oerang tea, tapi koe artos ajeuna maha, sepeda koedoe majar, koeda koedoe majar katoet kaharna, roda oge koedoe majar disebutha perpoer-ker (vervoerker) tjenah, beuki angot kapoengkoer ana djeboel teh koeing koedoe majar wegenbelasting f 200,— langkoeng koedoe majar 3 taotieun, atoeh reuwas geuwat bae oendjoekan ka Pangagoeng Ge-west, hindena bae aja silipielas ma-jar teu saoekoer f 240 sareng denda oepami teu lepat koemargi ieu tijk dijoekeun redactie pasihun terang.

Padjeg sirah f 1,— djadi f 3,25 naon marginia, 30% boeat ka nagara koemaha kahartosna, 20% Gewest koemaha hartoosna? sareng aja deui oepcenten oepcenten kitoe, eta teh koe inana, oelih neujeungseurikeun noe maha koemaha da tatjan ngartos hongan andjeun noe palinter teu kaeoeping mere terang! noehoen 100000000 kali ka noe maparit terang, tjoba mani timpah!

Wasalam Hardjoproe-wito.

N. B. Ari bedjana mah pamarentah perloe make doeit kapajoen deui Red.

### Bogor.

Kapoengkoer parantos didadarkeun dina „Sipatahoenan“ njarioskeun per-kawis pakemperlan „Pasoendan“ di Bogor, noe parantos sakito lamina teu aja ketjet-ketjetuan. Doeipi ajeuna parantos ngoeping wertos ti hidji sahabat noe kenging dipertijantene, njarioskeun, dina wengi Djocimah 28 Augustus 1925, parantos ngadamel vergadering di boemina djoeragan A. di Panaragan njarioskeun kempelan „Pasoendan“, poetoessanana vergude-ring pikeun samantara noe djadi Bes-tuur djr. Ondoh (President) djr. Kar-taatmadja (Secretaris) djr. Darmawikarta (Peninngmeester), barang ngoeping koe ajana ieu kabar, teu kinten ngiring boengahna ati, wireh Pasoe-ndan hiroep deui, malah mandar hiroep soeboer sarta salamet. Kapan tjek par-riaoes hidji pepetan tangkal, oepami gemokna sae tangtos dijadina soeboer, nja kitoe deui madjengna kempelan

tea, koe satiana masing-masing. Mangga djoeragan djoeragan ajeuna parantos mangsana lilir pikeun ngamadjeng-keun kempelan Pasoendan noe ti baheula ijtia tea, geuning aje ke-nich tjikot tjikotna Pasoendan, Amien.

Kawoewoh koe ajana kangdjeng Dalem di Bogor noe linggih di Panaragan, teu kinten bae agemina kota Bogor, malah tjek emotaun mousren lani-lami Panaragan kidel teu kasebat oge kainpoeng poengkoer.

Sapandjang djalanan kota

### Kintoenan.

Ka pajoenan para djoeragan Sch. opzienier di ast. II (Pasoendan) p/a Red. Sipatahoenan.

Adresna mah jaktos atra, nangning sajaktosna mah ka sadajana (goeroe-goeroe desa satjangkingan - satjangkinganana). Moeng moegi teu djadi redjag manah, wireh ieu adres ditoedjoekun ka paru dji dji Opzienier sa Pasoendan.

Doepi marginia: soepados ieu serat kintoenan, tina kasaarkeun ka G. g. desa dina waktos kempelan, tina maragi ngemoetkeun oepami ngadamel bewara mah, sesali piengkoseunana .

Kantunan sadajana oge pada tinggal li sabedana maos organan "P.G.H.B." anjar, padu karagoengan raos ngabung-bongan koe andjeun, lantaran njeri ati keurna waktos ngadamel atoeran gadjih anjar tea, kaom Goeroe paboerentjaj, aja oge hodgeh hidji-hidjeun kirang tegoh.

Koemaha kerlosna ajenna?

Kana ngawaler ieu pertarosan matak pandjang dadaran, moeng da parantos kaloedjanan, oepami kaloedjanan mah, ija sinigeng. Moeng teu weleb bae radjet mah pada ngoesek ka teu raosan, geura mangga manah, di Pasoendan teh moeng hidji-hidjeun Hoofdopzienier teh, oge tjangkinganana salapot hoeloe, nangning ari pangusilanana mah koe Wadana kawon: padhal oepami diemot tebih mah Wadana ge kirang sakito teh.

Di antara bagian Departemen, moeng Departement O. en E. noe di sapirakeun padamelan teh.

Geura mangga tingali hidji Goeroe desa gadjihnoe noeroetkeun atoeran anjur mah (noe model baroe) teh, kenging gadjih f 40.— teh kedah parantos aki aki, eukeur mah kitoe, toeroeg-toeroeg dipeungpeuk djalanan dibobarkeun examen Kweekeling, G. Bantoe: aja oge noe parantos ngarantong acte G. Bantoe, teu geura-geura dibenoemid, basana: "teu ala tempat" lantaran perloe ngabenoeman ti Normal tea, Deventer tea, Kweekschool tea s. s. t.

Malah kamari ieu mah aja hidji Goeroe desa noe ngadeuhens ka kantor Inspectie, lantaran bojong geura benoemid G. Bantoe, dipertelakeun, diest saanoe taoen, examen taoen saanoe, kitoe-kitoe kaberatan, boh reuj, amuk tea, kolot tea, malah ija ritana ge djeung lengas lengis sagala, hormat leuwih ti oekoeran, diwalon koe "tida ada tempat" sesah piladijennana.

Leng dijeng, ongkos sskitoe, dahar sakito, mangkaning kenging cendjam indjeum, ija tikel djoenpatik ti noe kasehoet ptoel dagang.

Datang ka lemboer, pada nanja koe mitra-mitran, koemaha tjeuna oudeutie teh kabeh?

Di pangiranane noe teu oudeutie mah ki-u: Lamoen heg aing boga dooit, meureun iniloe; ari diwalon koe noe tas ngadeuhens "teu hasil" buku tambah merengot, heran koe kajaan djaman, heg hatena malik ka toekang: Aeh-aph, nalia geuning djamman dji. Opzienier Anoe mah bareto teh gawang pisan, malah ajeuna ge rantab Mautri Goeroe noe asal Goeroe desa, kono Goeroe Bantoe mah geus itoeng peuteuj, tina reana. Na ari ajeuna nitijak hahareun, mana saugar-sanggar, teuing bega doenoengan teh!

Adeoh, Pangaran! ampon!! ampon!! . . .

Gok teh eta noe audentie teh tepoeng djeung botjona njaritakeun jen teu hasil, atoeh mehmehan teu g goakan ngaherankeun papisten, ngomong noe lai-lain, malem awewe, maroekan koemaha kitoe ari audentie teh; henteu, teu gampong!

Tjing, noe wadjib! atoeh iraha ba-

de ngabenoeman G. g. desa noe barge G. B. teh???

Malah aja hidji G. desa noe sanget kaaralan hal ieu, ngomong kieu: "Lamoen seg kaja kieu nah martabat teu oendak-oendak, gedjih saeutik, kadjeun ontong digaduh bae, asal kabeh rajat oerang Priboemi lesot tina padjeg!"

Tjobil mangka G. desa ratoesan rehoe seneurua, (kono moen ngabudil corr.) Hal ieu moegi diemoetkeun kala-wan dimanshna koe noe wadjib, soepados ingkar tina . . .

Samemehna timpah sewoe noehoen!! Toetas hal eta.

Aos teras!

Di Garoet ajeuna parantos proeng G. g. desa sabiloeloengau bade serah badan ka P. G. H. B. anjar (oce di Djogja), kala-wan bade satia, lantaran dina organna aja pangadjak Deg. Best. P. G. H. B. jen oepama sabiloeloengan deg bae ngadamel tjabang.

Dina ping 30 Aug. 25 di Garoet parantos deg ngarmesacaatan kana pangadjak P. G. H. B., salelewuk golongan G. desa. Koe arongan bestuur tjabang aja sageuj teu sadajana la lebet. (koemaha Tasik? corr.)

Tah, noe inawi bestuur tjabang P. G. H. B. di Garoet ngadarakeun angan-angan di dieu teu dina s. k.

Sipatahoenan, kala-wan pertoeloengan para dji. Schoolopzienier moegi sadajana G. g. desa disaoveran hal ieu, la-djeng ngadamel bestuurna, iijst ledjen moegi dikintoen ka tjab. P. G. H. B.

Garoet p/a Mas Kantasasmita Vice President-tjab. Garoet di sakola desa Tjopong (Garoet).

Engke naou-naou kaberatan, orang ngintoen motie ka Djocja, ti Djocja moegi ditarekahkeun, lantaran orang mah orang masrahkeun badan teh sing hiroep sareng hoeripua.

Kalihna ti eta moegi dji. Redakteur kersa ngintoeuan salambar (S. P.) sewang ka para dji-dji. Opzienier sa Pasoendan, moedah-moedahan aja bneahna antawis G. g. desa sareng Sipatahoenan.

Taja sanes hatoer pinten-pinten noehoen wireh dji. Redactie tiasa masihan tempat dina ieu weekblad.

Amin!

Garoet, 30 Augustus 1925.  
De Voorzitter tjab. P. G. H. B.

M. Engka Widjaja

De Vice Voorzitter

M. Kantasasmita

De Secretaris

M. E. Natawihardja.

### Henteu adil.

Koe peratoeran gadjih anjar poha'a Pamarentah koerang talitina ngatuer gadjih di bagian Goeroe, kono Goeroe desa mah teu aja pisau tjwiteuna.

### TOKO OBAT

Universeel Agentschap

### NIC MULLER

### TASIKMALAJA

### Coenoengladoe No. 15

Telefoon No. 26.

Awas nembe katampi.

Tipoeng ngabodaskeun papakeun seu-seueun 1 K. G. f 1.75  
10 K. G. f 15,-

Tipoeng toembila 1 K. G. f 7,7

Minjak pokok garing f 1,-

Peso tjeuker (Gilette) f 2,50

Minjak ramboet roepi-roepi Botol dot boedak nganggo oekoeran f 0,45

Spirtoes sae sajagi dimoerahkenn Laundong gehgoj f 0,75

Sanatogeun obat kasehatan f 4,-

Pil oebar njeri tjangkeng f 1,95

Minjak keur boedak soepaja koeat (ievertran) f 1,25

Kalasn idem idem f 3,-

Ovomaltine (obat kasehatan) f 2,50

Obat njegah kasawa, istri f 2,-

Obat kasawat kahampangan f 4,-

Obat mengi f 1,75

Kaizerborax f 0,75

Hoermatna Nic Muller.

40

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

53

